

BAB V

PANUTUP

Dina ieu bab dipedar ngeunaan: (1) Kacindekan, (2) Implikasi, jeung (3) Saran atawa rékomédasi panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran panalungtikan dina Kamampuh Nulis Aksara Sunda Siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023, bisa dicindekuen jadi sababaraha poin ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan kaasup kana katégori “can tuntas” kalawan rata-rata 55,76 < 75 nu hartina aya dina handapeun KKM. Anapon aspék-aspék nu di peunteunna nyaéta: (a) aksara swara nu rata-rata skorna nyaéta, 2,97 ieu hal nunjukeun yén aspék aksara swara kaasup kana katégori “sedeng”; (b) aksara ngalagena nu rata-rata skorna nyaéta 3,42 ieu hal nunjukeun yén aspék aksara ngalagena kaasup kana katégori “sedeng”; (c) aksara rarangkén nu rata-rata skorna nyaéta 2,55 ieu hal nunjukeun yén aspék aksara rarangkén kaasup kana katégori “sedeng”; (d) aksara wilangan nu rata-rata skorna 2,18 ieu hal nunjukeun yén aspék aksara wilangan kaasup kana katégori “kurang saluyu”. Hartina, siswa masih kénéh can maham kana aspék-aspék dina nulis aksara Sunda.
- 2) Kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan kaasup kana katégori “tuntas” kalawan rata-rata 79,85 > 75 nu hartina aya dina luhureun KKM. Anapon aspék-aspék nu di peunteunna nyaéta: (a) aksara swara nu rata-rata skorna nyaéta, 4,48 ieu hal nunjukeun yén aspék aksara swara kaasup kana katégori “saluyu”; (b) aksara ngalagena nu rata-rata skorna nyaéta 4,09 ieu hal nunjukeun yén aspék aksara ngalagena kaasup kana katégori “saluyu”; (c) aksara rarangkén nu rata-rata skorna nyaéta 3,61 ieu hal nunjukeun yén aspék aksara rarangkén kaasup kana katégori “saluyu”; (d) aksara wilangan nu rata-rata skorna 3,76 ieu hal nunjukeun yén aspék aksara wilangan kaasup kana katégori “saluyu”. Hartina, siswa geus maham kana aspék-aspék dina nulis aksara Sunda.

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan. Katitén tina hasil kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun Model Kooperatif Tipe Kartu Arisan rata-ratana 55,76 jeung hasil kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun Model Kooperatif Tipe Kartu Arisan rata-ratana 79,85. Bédana kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dibuktikeun ngagunakeun uji hipotésis. Uji statistik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *statistic non-parametric* kalawan uji *statistik Wilcoxon*. Nilai signifikansina nyaéta $0,000 < 0,05$ Mangka H_0 ditolak jeung H_a ditarima. Jadi bisa dicindekkeun yén Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X-3 SMAN 18 Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan. Hartina Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan éféktif pikeun kamampuh nulis aksara Sunda.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil ahir panalungtikan, larapna Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan miboga implikasi yén ieu modél téh bisa ditarima ku siswa. Dina prak-prakana nalika ngalarapkeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan di kelas, siswa jadi leuwih aktif jeung kairut kana pangajaran lantaran ngalarapkeun “kartu arisan” nu mana saéstuna kecap “arisan” téh geus umum dilaksanakeun di masyarakat, siswa silih hargaan kana kamandang babaturana, siswa jadi leuwih maham matéri lantaran unggal jawaban langsung dibahas babarengan jadi bisa katitén salah benerna.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, yén Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan éféktif pikeun kamampuh nulis aksara Sunda, ku kituna dina ieu poin bakal dipedar rékoméndasi ti panalungtik sangkan panalungtikan anu satuluyna bisa leuwih hadé, di antarana waé saperti ieu di handap.

Teti Sakinah Purnamasari, 2023

MODÉL KOOPERATIF TIPE KARTU ARISAN DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Modél Kooperatif Tipe kartu Arisan téh éféktif dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda, ku kituna ieu modél bisa dijadikeun alternatif keur guru dina ngagunakeun modél nu inovatif hususna dina pangajaran nulis aksara Sunda.
- 2) Dina ieu panalungtikan, aya sawatara hal nu kudu diperhatikeun utamana nalika ngalarapkeun Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dina pangajaran nulis aksara Sunda, nyaéta: (1) teu sakabéh siswa milu aktif dina diskusi kelompok jadi guru kudu merhatikeun sakabéh kelompok, (2) kudu ngarancang pangajaran kalawan bener tur puguh runtuyanana, (3) kudu bisa ngondisikeun siswa sangkan tartib, (4) kudu bisa ngokolakeun waktu.
- 3) Panalungtik miharep ayana panalungtikan ngeunaan Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dina pangajaran nulis séjénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun yén Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan téh éféktif dina pangajaran nulis.